

Fèy enfòmasyon sa a bay repons pou pifò kesyon moun poze souvan (FAQs) sou sante konsènan monoksid kabòn. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Sant Enfòmasyon CDC (CDC Information Center) nan nimewo 1-800-232-4636. Fèy enfòmasyon sa a se youn nan yon seri rezime sou sibstans danjere ak efè yo genyen sou sante. Li enpòtan pou ou konprann enfòmasyon sa yo paske sibstans sa a ka danjere pou ou. Lè ou ekspozé nan nenpòt sibstans danjere, efè li depannde dòz la, kantite tan ou ekspozé ladan, kijan ou ekspozé ladan, karakteristik pèsònèl ou ak abitud ou, epitou si gen lòt sibstans chimik ki la lè ou ekspozé ladan.

REZIME: Tout moun ekspozé nan monoksid kabòn nan anpil nivo diferan lè yo respire lè a. Si yon moun respire gwo kantite monoksid kabòn sa ka menase lavi li. Moun ki toujou gen maladi kadyo-vaskilè ak/oswa maladi respiratwa ka sitou frajil nan monoksid kabòn. Yo te jwenn sibstans chimik sa a nan omwen 12 sou 1,699 chantye nan Lis ki Gen Priorite Nasyonal [National Priorities List (NPL)] Ajans Pwoteksyon Anviwònman [Environmental Protection Agency (EPA)] te idantifye.

Kisa monoksid kabòn ye?

Monoksid kabòn se yon gaz ki san koulè, ki pa irite moun, ki san odè epi ki san gou. Yo jwenn li nan lè ki andedan ak deyò. Li fèt lè konbistib kabòn pa boule nèt, epitou yo pwodui li nan sous atifisyèl ak nan sous natirèl. Sous atifisyèl ki pi enpòtan se nan lafimen otomobil yo.

Nivo monoksid kabòn ki nan lè andedan pa menm selon prezans aparèy menaje yo tankou radyatè endividyèl ki itilize kewozèn ak gaz, founo, fou ki fonksyone avèk bwa, dèlko ak lòt ekipman ki fonksyone avèk gazolin. Lafimen tabak lakòz kontaminasyon tou nan nivo lè ki andedan kay.

Endistri yo itilize monoksid kabòn pou fè konpoze tankou anidrid asetik, polikabonat, asid asetik ak poliseton.

Kisa k ap pase monoksid kabòn lè li antre nan anviwònman an?

- Monoksid kabòn pase sitou nan sous natirèl yo ak nan konbistyon mazou pou antre nan anviwònman an.
- Li rete nan lè a pandan apeprè 2 mwa.
- Li reyaji avèk lòt sibstans chimik pou dekonpoze nan lè a epi li chanje an diyoksid kabòn.
- Mikwo-òganis yo dekonpoze li nan tè a pou fè li vin diyoksid kabòn.
- Li pa anpile nan plant yo oswa nan tisi bèt yo.

Kijan mwen ta ka ekspozé nan monoksid kabòn?

- Si ou respire gaz nan fou, founo, radyatè ak dèlko ki mal enstale/filtre.
- Si ou respire lè ki gen lafimen otomobil.
- Si ou respire lè ki gen lafimen sigarèt.
- Si ou travay nan endistri ki boule gaz ak chabon, si ou travay nan kote ki gen anpil lafimen, oswa si ou travay nan kote ki gen gwo kantite lafimen machin.

Kijan monoksid kabòn kapab afekte sante mwen?

Si ou ekspozé nan nivo monoksid kabòn ki wo sa kapab menase lavi ou. Anpwazònman nan monoksid kabòn se kòz prensipal lanmò akòz anpwazònman nan Etazini.

Yo te rapòte maltèt, kèplen, vomisman, vètij, vizyon twoub, konfizyon, doulè pwatrin, feblès, ensifizans kadyak, difikilte pou respire, malkadi ak koma sou moun ki te rale monoksid kabòn nan nen yo. Moun ki gen maladi kè oswa maladi poumon pi frajil nan efè toksik monoksid kabòn.

Kijan monoksid kabòn kapab lakòz kansè?

Depatman Sante ak Sèvis Sosyal [Department of Health and Human Services (DHHS)], Ajans Entènasyonal pou Rechèch sou Kansè [International Agency for Research on Cancer (IARC)], ak EPA pa klase monoksid kabòn kòm yon sibstans chimik ki lakòz moun gen kansè.

Monoksid Kabòn

CAS # 630-08-0

Kijan monoksid kabòn kapab afekte timoun yo?

Si fanm yo respire nivo monoksid kabòn ki wo pandan yo ansent sa kapab lakòz yo fè foskouch. Si fanm yo respire nivo monoksid kabòn ki ba pandan yo ansent sa kapab lakòz devlopman mantal pitit yo pi lan pase nòmal.

Nan etid yo fè sou bèt, lè bèt yo ekspoze nan monoksid kabòn pandan yo plenn sa te gen efè sou gwozè ti bèt ki fèt yo, sou kè y, sou sistèm nève santral yo ak sou devlopman yo.

Gen prèv ki montre timoun ki gen opresyon ka pi frajil nan efè respiratwa ki gen pou wè ak lè yo ekspoze nan monoksid kabòn.

Kijan fanmi yo kapab redui risk pou yo ekspoze nan monoksid kabòn?

- Asire aparèy menaje ki boule gazolin natirèl, kewozèn, oswa lòt konbistib enstale ak ayere kòrèkteman.
- Fè antretyen woutin nan aparèy menaje yo.
- Toujou swiv rekòmandasyon manifakti a sou fason pou enstale aparèy sa yo ak sou fason pou itilize yo.
- Pa itilize radyatè pwopàn pòtatif nan kote andedan ki fèmèn tankou karavàn pliyan ak tant.
- Pa kite motè vwati ou pa mache pandan yon peryòd tan ki long nan garaj ou.
- Monoksid kabòn se yon eleman lafimen tabak. Pa rete nan lafimen ki nan espas fèmèn tankou andedan kay oswa nan vwati pou pa kite timoun yo ak lòt fanmi yo ekspoze ladan twòp.
- Fè yo enstale detektè monoksid kabòn ak detektè lafimen lakay ou.

Èske gen yon tès medikal pou detèmine si mwen te ekspoze nan monoksid kabòn?

Aparèy medikal ki rele oksimèt monoksid kabòn yo jwenn nan laboratwa klinik oswa nan lopital kapab estime nivo monoksid kabòn ki nan san ou avèk yon tès senp.

Èske gouvènman federal la te fè rekòmandasyon pou pwoteje sante moun?

EPA fikse yon limit pou anviwònman an ki se 10 mg/m³ (9 pati pou chak milyon pa volim, ppmv) monoksid kabòn anmwayèn nan lè a sou 8 èdtan epi limit sa a pa dwe depase plis pase yon fwa chak ane.

Administrasyon pou Sekirite ak Sante nan Travay [Occupational Safety and Health Administration (OSHA)] fikse yon limit legal 55 mg/m³ (50 ppmv) pou monoksid kabòn nan lè a pou jounen travay 8 èdtan nou, ak semèn travay 40 èdtan nou.

Referans

Agency for Toxic Substances and Disease Registry (ATSDR). 2012. Toxicological Profile for Carbon Monoxide. Atlanta, GA: U.S. Department of Health and Human Services, Public Health Service.

Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Agency for Toxic Substances and Disease Registry, Division of Toxicology and Human Health Sciences, 1600 Clifton Road NE, Mailstop F-57, Atlanta, GA 30333.

Telefòn: 1-800-232-4636, FAKS: 770-488-4178.

ToxFAQs™ Adrès Entènèt nan WWW se <http://www.atsdr.cdc.gov/toxfaqs/index.asp>.

ATSDR kapab fè ou konnen kote pou jwenn klinik sante nan travay ak anviwònman. Espesyalis yo kapab rekonèt, evalye, epi trete maladi moun pran lè yo te ekspoze nan sibstans danjere. Ou kapab kontakte depatman sante kominotè oswa depatman sante eta a oswa depatman kalite anviwònman si ou gen nenpòt lòt kesyon oswa enkyetid.